

# 24 jiyè

**Abraram te gen konfyans nan Bondye, li t ap tann pwomès la, malgre lè sa a li pat gen okenn rezon pou l te tann ankò...** Women 4. 18

**Sa te rèd nèt. Mwen pat kapab sipòte ankò. Mwen te menm kwè mwen pa t ap sòti vivan. Mwen santi yo te dèyè pou yo te touye mwen... Se Bondye ki te delivre m anba tout gwo danje lanmò. Se li menm k ap toujou la pou delivre mwen.** 2 Korentyen 1. 8-10

## **Tann malgre li pa gen okenn rezon pou tann ankò**

Depresyon se yon eprèw ki bay gwo doulè. Maladi sa a, kapab frape nou chak k ap viv, nenpòt lè. Nou kapab ap travèse tou yon sitiyasyon ki fè nou dekouraje. Bib la ban nou Jòb kòm egzanp, kwayan ki t ap travèse yon peryòd trè difisil. Diran tout vi li, li te gen bon relasyon ak Bondye. Li t ap defann kòz pòv yo, li t ap pran swen malare yo, e li te angaje l pou l te viv yon fason dwat (jis) devan Bondye (Jòb 29). Li te “san repwòch devan Bondye, li te gen krentif pou Bondye, li te toujou ap chache fè sa ki byen” (Jòb 1. 1). Poutan Jòb te rankontre anpil, anpil difikilte. Li te pèdi britalman tout byen li, sa ki te pi mal ankò li te pèdi tout pitit li yo, apres a, li te tonbe malad, san li pa t konnen pouki rezon tout malè sa yo te tonbe sou li. Fanmi li yo abandone li e zanmi l yo te mal konprann li, li ka di : “Bondye te rache esperans mwen tankou yon pye bwa” (Jòb 19. 10). Men, li te di tou : “Mwen menm, mwen konnen moun ki gen pou vin pran defans mwen an byen vivan” (Jòb 19. 25). Menm si li t ap konteste, li pa t gen dout konsènan Bondye. Bondye te itilize peryòd difisil sa a, pou l te fè li konnen l pi byen (Jòb 42. 5).

Kretyen, frè m ak Sè m yo, si nou ap travèse sitiyasyon trè difisil pa dekouraje, oubyen yon peryòd de dezespwa, pa pèdi konfyans nou nan Bondye. Pran fòs nou nan Mizerikòd Bondye ensondab Senyè a ak nan pwomès li yo ki pap janm chanje. Se li menm ki renmen nou (Revelasyon 1. 5).

# 24 juillet

## **Espérant contre toute espérance, il crut.**

Romains 4. 18

**Nous avons été excessivement chargés, au-delà de nos forces, au point que nous avons désespéré même de vivre...**

**C'est lui (Dieu) qui nous a délivrés...**

**En lui nous avons mis notre espérance qu'il nous délivrera encore.** 2 Corinthiens 1. 8-10

## **Espérer contre toute espérance**

La dépression est une épreuve très douloureuse. Cette maladie peut atteindre chacun de nous, un jour ou l'autre. Nous pouvons aussi traverser des périodes de profond découragement. La Bible nous donne l'exemple de Job. Toute sa vie était caractérisée par d'heureuses relations avec Dieu. Il défendait la cause des pauvres, prenait soin des malheureux, et s'engageait pour la justice (Job 29). Il était "parfait et droit, craignant Dieu et se retirant du mal" (Job 1. 1). Et pourtant, Job a rencontré épreuve sur épreuve. Il a perdu brutalement tous ses biens, pire encore, tous ses enfants, puis il s'est retrouvé malade, sans comprendre pourquoi tout cela lui arrivait. Abandonné par ses proches et incompris de ses amis, il peut dire : Dieu "a arraché mon espérance comme un arbre" (Job 19. 10). Mais il s'écrie aussi : "Je sais que mon Rédempteur est vivant" (19. 25). Même s'il se débat, il ne doute pas de Dieu. Et Dieu se sert de ce temps d'épreuve pour se faire connaître d'une manière plus intime, plus profonde (42. 5).

Amis chrétiens, si nous traversons des moments de découragement, ou même de désespoir, ne perdons pas notre confiance en Dieu. Appuyons-nous sur la miséricorde insondable du Seigneur et sur ses promesses immuables. Il est "Celui qui nous aime" (Apocalypse 1. 5).